






# Yon kabrit, yon chen ak yon bèf

-  Fabian Wakholi
-  Marleen Visser, Ingrid Schechter
-  ACE Haiti-University of Notre Dame USA
-  2
-  krèyol ayisyen ht



Yon kabrit, yon chen ak yon bèf te bon zanmi.  
Yon jou yo pran yon taksi pou yal flannen.



Lè yo rive kote yo prale, chofè a mande yo peye pri transpò an. Bèf la peye transpò pa li.



Chen an peye yon ti kras anplis paske li pat  
gen lajan egzat lan.



Lè chofè an ta pral remèt li nan lajan an li wè kabrit lan ki tonbe kouri san li pa peye.



Chofè an pat kontan ditou. Li pati san li pa remèt chen an rest lajan an.



Se pou sa a, jis jounen jodya a chen an kouri  
deyè chak machin li wè paske lap cache  
chofè a ki dwe li yon lajan.



Kabrit lan kouri sove chak fwa li wè yon machin. Li pè pou' l pa ale nan prizon akòz lajan li dwe an.





Bèf lan li menm pa gen pwoblèm lè li wè yon machin. Li pran tan li pou li travèse lari a kè pòpòz paske li konnen ke li peye tout pri transpò a.




# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

## Yon kabrit, yon chen ak yon bèf

 Fabian Wakholi

 Marleen Visser, Ingrid Schechter

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

